

HOW DO YOU BELIEVE IN JESUS CHRIST?

John 7:1-13

Lesson 97

Memory verse: *"You are the Christ, the son of the living God."* Matt. 16:16

WIZERA KO YESU ARI NDE ?

Icirwa ca 97

Yohana 7:1-13

Ijambo ngenderwako : Petero aramwishura ati : « *Uri kristo, Umwana w'Imana nzima.* » Mat. 16:16

I. Intangamarara

Yesu ntiyagomvye kuja muri iyi misi mikuru y'amahema kuko Abayuda barondera ingene bomwica. Iyi ni imwe mu misi mikuru itatu yari ihambaye mu Bayuda.

Gusub.16 :13. Abantu baduga gusenga i Yerusalemu bashima Imana kubera yabahaye kwimbura bagatanga ibimazi vy'ishimwe.

Bene nyina ntibamwizera baramusaba ngo ajeyo. Abo nabo tubabona mu gitabo ca **Matayo 13 :55-56.** Nyuma yuko Yesu avutse ku nkumi Mariya ; yagumye yubakanye n'umugabo wiwe Yosefu nk'umugore n'umugabo bashingiwe. Abemeza ko Mariya adafise abandi bana ni ikinyoma. Bafise intumbero yo kureka abantu ngo bizere ibinyoma, babe bahushije ubugingo.

II. Uko benenyina ba Yesu bamwibaza.

1. Bamwiyumvira nk'umuhungu w'umuforodano, umubeshi, umuhungu yishwe n'inzara ariko w'ububasha bwinshi kandi yamenyekanye cane. Ibi bibonekera mu majambo y'agahemo bamubwiye .umur. wa 4. Ntibamukunda.

2. Bamwibaza nk'umuhungu ashoboye gukora ibitangaza koko, ariko batabona ingene abiteranganya akemeza ab'isi bose. Baramubwiye bati : « *Ko ukora ivyo niwiserure mu b'isi.* » Iyumvire amajambo bavugana igihe atari muhira. Mbe nyina Mariya yoba yababona gute ?

Ntivyoroshe gutahura inzira y'agakiza uretse uyirimwo. Nico gituma naho woba uri umusuma, umubeshi, umusambanyi bitabuza Imana kugukunda.

N'imiryango myinshi ntiyihuta gutahura uwubavuyemwo agakizwa. Barashobora kukurwanya. Ni ivyanditswe. **Soma Luk. 12:51-53.** Uku kwankwa n'umuryango vyatanguriye kuri Yesu. Umuhamagaye aragutabara. Hari imyifato wokwifata :

1. Yesu yari azi ivyaha vya benewabo ariko ntiyaciye abibagiriza aho nyene. Bariko bamuhatira kuja gusenga nabo batajayo. Urashobora gucereza mu gihe bagutuka.
2. Urafata akanya ko kubashingira intahe y'ubuzima bwawe bwahindutse kubera agakiza, ukabereka ubuzima bushasha ubayemwo.

Ico wokora ni gushimika ntucike intege kuko nyuma y'imisi bazobitahura kuko Mpwemu aba ariko arakora.

III. Uko isi yabona Yesu.

Soma Yoh. 7:12 na 43.

Ishengero ryageze aho rimupfa kubera ko bamubona bakamwizera m'uburyo butandukanye. Hari uburyo 7 bamubona :

- Ni umuntu mwiza (Umur. wa 12),
- Arazimiza (Umur. wa 12),
- Umunyabwenge ataciye mw'ishuri (Umur. wa 15),
- Arimwo dayimini (Umur. wa 20),
- Umuhinga mu gukora ibitangaza (Umur. wa 31),
- Umuvugishwa n'Imana (Umur. wa 40), canke
- Mesiya. Kristo (Umur 41).

Iki gice cerekana ivyiyumviro vy'abantu ba kera n'ab'iki gihe kuri Yesu. Ni ahawe kwemezanya n'umutima wawe uko umubona ukanamwizera.

IV. Uguhutimwo kwa muntu

Umur wa 17 : « *Ni haba hari uwugomba gukora ivyo uwo agomba , azomenya izi nyigisho ko zavuye ku Mana. »*

Iri jambo ryerekana uburenganzira bwo guhitamwo kwakira agakiza canke kubireka. Agakiza ni ingabire itangwa k'ubuntu igahabwa uwuyipfuye. Igihe umuntu adashimye kuyakira, ntayihabwa kunguvu. Ibi bizotuma umwe wese ashima urubanza azociribwa inyuma y'urupfu. Kuzukira ubugingo canke ubumaramare.

V. Gushira mu ngiro.

Imyaka 2020 irarenga Yesu avuye mw'ijuru akavukira mw'isi, akabana n'abantu. Benenyina n'ab'isi bamwise uko umwe wese avyishakiye. Yaremeye arababazwa k'umusaraba ; arapfa arahambwa, k'umusi ugira gatatu Imana imuzura mu bapfuye. Ibi vyabaye kugira ngo ahe uwo wese amwizeye ingabire y'agakiza.

K'uruhanda rwawe, niwewe uzi uko umufata canke urugero ugezako mu kumwizera m'ubuzima bwawe.

Ushobora kuba womwita : umuntu mwiza, Kristo, Umukiza... Aho haba hasigaye kumenya ubwawe ko wamwemereye akaganza ubuzima bwawe.

Ni nkuko womwita : Uwuzimiza, canke arimwo dayimoni... no kuri ivyo arinumira.

Yohana 12:48. « *Ariko uwungaya ntiyemere amajambo yanje, ari n'ikizomutsinda.* » Aka kagaye bamugaya ntibizohereza aho gusa. Bizoshirwa imbere y'intebe y'imanaza y'Imana bacirwe urubanza. Ukudakizwa ni kugaya amajambo yiwe.

Aka ni akaryo uronse ko kwegera umusaraba mu gusenga kugira uhitamwo kubaka imigenderanira yawe na Yesu Umwami.

CAN A SAVED ONE FALL IN SIN?

John: 7:7-13

Lesson 21

Memory verse: *“I was alive apart from the law once, but when the commandment came, sin revived, and I died.”* Romans 7:9

BISHITSE UMUNTU YAKIJIJWE AKAGWA MUCAHA BIGENDA GUTE ?

Icirwa ca 21

Abaroma 7:7-13

Umurongo ngenerwako : « *Nanje kera nariho, ntafise icaha. Maze icagezwe kije, icaha kirarabuka, nanje ndapfa* » Abaroma 7:9

I. Intangamarara

Ni abantu bake cane (Yosefu na danieli...) tubona muri bibiliya batigeze barwa mu caha ahantu na hamwe.

Adamu na Eva baracumuye mw'itongo rya Edeni; Nowa yaraborewe amaze gusohoka m'ubwato; Aburhamu yarongoye incoreke ya mukiwe;

Mose yarashavuye cane kugeza aho ata kandi ararenga amabwirizwa cumi.

Dawidi yarasambanye kandi yaricishije umugabisha w'ingabo muntambara.

Petero yarihakanye Yesu incuro zitatu imbere yuko Kristo abambwa.

Toma yarakakeranije ko Yesu yazutse mu bapfuye inyuma yo kugendana nawe imyaka itatu. Timoteyo yaritandukanije na Paulo mu rugendo rwabo rwambere rw'ivugabutumwa.

Ntanahamwe Imana yigeze kubwira umwe muraba ko atakaje agakiza kiwe.

Ikiboneka ni uko Imana yabahanye nkuko umuvyeyi ahana umwana wiwe aguye mw'ikosa kugira amutoze indero

II. Gitozwa indero n'umuvyeyi.

Iyo waguye mu caha icarico cose hama ukakibandanya Imana izoguhana hama igutoze indero nimba warakijijwe. Nimba kuvyukuri uri umwana w'Imana, izoguhana gushika aho uzokwihana hama uyigarukeko.

Urashobora kubaza, “uti mbega vyogenda gute nko mugihe umuntu yakijijwe yogwa mucaha hama ntiyigere yihana kandi ntanagaruke ku Mana ”?

Abaheburayo 12 :7 havuga ngo, “Ico mukwiye kwihanganira n’ugutozwa indero nziza. Imana ibagirira nk’abana bayo.N’umwana ki, adakangirwa na se ?”

Umurongo wa 08- ***“ariko namba mudakangirwa nk’ico abandi bose bakorerwa, mur’ibiviyagwa ntimur’ubura bgayo.”***

Muyandi majambo Imana iriko iravuga yuko ushobora kuvuga ko wakijijwe, ko wavutse ubwakabiri ariko iyo uguye mucaha ntiwigere wihana, hama ntuhane wero uzoba warihenze ubwawe. Umuntu atitaye kuvyuvuga, ntiwigeze kuvy’ukuri ukizwa.

Iyo wakijijwe vy’ukuri hama ukagwa mu caha haraho rimwe na rimwe uzohanwa, wihane hama ugaruke ku Mana. Atar’uko, ntiwigeze kuvy’ukuri ukizwa ubwa mbere, ntiwapfuye ku caha ariko kwabaye ukwirabika.

III. Agakiza kinjira mu Mutima.

Bibiliya iratwigisha ko agakiza gaseruka igihe Kristo yinjiye mumutima wawe.

Murico gihe uba uvutse ubwakabiri ukakira “ubugingo budashira”... atari ubugingo buzohera igihe usubiye gukora icaha kandi. N’ubuhoraho. N’ubw’ibihe vyose. Nimba woshobora gutakaza agakiza kawe rero ntigahoraho. Si ubuzima “buhoraho”. Kandi ivyo ntibiva kubikorwa vyiza wokora. Ni ingabire.

Abanyefeso 2 :8 haravuga, “Ubuntu nibwo bwabakijije kubw’ukwizera : na vyo nyene ntivyavuye kuri mwebwe, n’ingabire y’Imana”.

Yesu yavuze, “Ababaye intama zanje bumva ijwi ryanje nanje ndabazi nabo barankurikira kandi nanje mbaha ubugingo budashira, nta ho bazokwigera bapfa rubi gushitsa ibihe bidashira, kandi ntawushobora kubanshikura mukuboko kwanje.

Data yabampaye ni we aruta bose; ntawushobora kubashikura mukobo kwa Data.” **Yohana 10:27-29.** Dukizwa kandi tugumizwa mugakiza n’ubuntu hamwe n’ubushobozi bg’Imana.

IV. Gushira mu ngiro.

Urakijijwe? Mbega urabizi neza yuko ukijijwe? Nimba ufise ugukekeranya, woshobora gusenga ubu nyene Ugaha ikaze Kristo mu mutima wawe.

Woba ushaka guha ubugingo bwawe Kristo?

Nimba ar'uko biri, Senga ubu nyene usabe Yesu Kristo aze mu mutima no m'ubuzima bwawe. Aragukiza.